

Bousdetid Venture Miami | Gid pou Aplikasyon

Istwa Venture Miami

Etabli an 2021, Venture Miami se yon biwo nan vil Miami ki konsantre sou amelyore nivo vi vil la atravè kreyasyon djòb, sipò pou inovasyon, ogmantasyon richès, ak amelyorasyon kalite lavi. Avèk misyon sa a, Bousdetid Venture Miami a se yon patenarya ak The Miami Foundation pou bay sipò ekolaj atravè finansman pou rezidan Vil la ki aksepte nan pwogram STEM oswa pwogram okipasyon ki an demann yo nan kolèj ak inivèsite k ap patisipe yo, ki enkli Florida International University (FIU), Florida Memorial University (FMU), Miami Dade College (MDC), ak University of Miami (UM). Venture Miami pran angajman pou konstwi yon Miami Pou Tout Tan ak yon Miami pou Tout moun.

Dat limit: Pou Prentan 2023 la, aplikasyon yo dwe soumèt sou Entènèt anvan Lendi 9 janvyè a 5 p.m. Soumèt aplikasyon w nan isit la; <https://www.grantinterface.com/sl/yjwlxl>.

Tanpri sonje, bousdetid yo ap bay sou yon baz premye vini, premye sèvi. Lajan yo pa garanti jiskaske nou konfime tout bezwen ki pa satisfè yo, ak konsidere lajan ki disponib. Nou ankouraje w aplike bonè.

Elijibilite

- Rezidan Vil Miami pou 3 ane konsekitif nan moman aplikasyon an
 - Aplikasyon an dwe yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan
 - Nan denye ane lekòl segondè oswa diplome pandan 4 denye ane yo nan moman aplikasyon an
- Dwe se yon benefisyè Pell Grant detèmine dapre direktiv Florida Student Aid FAFSA OSWA, pou elèv Miami-Dade College SELMAN, gen yon revni kay ki mwens pase 80% AMI pou Vil Miami. * Tanpri tcheke Limit Revni sou sitwèb Vil Miami pou wè si w kalifye
- Resevwa akseptasyon nan yon pwogram diplòm bakaloreya pou syans, teknoloji, jeni, ak matematik ("STEM") oswa yon okipasyon ki gen anpil demann, tankou enfimyè. †
- Ranpli aplikasyon epi soumèt sou entènèt nan dat limit la. Nou pap aksepte okenn enfòmasyon pa imel, lapòs oswa faks. Si yon aplikasyon manke enfòmasyon oswa atachman, biwo nou yo PAP enfòmasyon aplikan an.

Dokiman ki nesèsè pou aplike

Ou pral bezwen telechaje kopi dokiman ki nan lis anba a. Tout dokiman ki nesèsè yo dwe telechaje nan fòm PDF oswa JPEG. Pou dokiman ki gen plizyè paj, ou dwe konbine yo nan yon sèl dokiman anvan ou telechaje yo. Aplikasyon gratis sou entènèt, tankou Adobe pdf, ka itilize pou konbine pdf yo.

1. Rapò FAFSA Student Aid (SAR) telechaje tout paj pou ane aplike a.
Tanpri asire w ke ou te pataje FAFSA ou a ak lekòl ou a anvan ou soumèt aplikasyon sa a.
2. Prèv rezidans
Chwazi youn nan opsyon sa yo pou montre prèv rezidans. Dokiman yo ka sou non yon paran/gadyen

Pou kesyon konsènan Bousdetid Venture Miami, tanpri kontakte The Miami Foundation nan scholarships@miamifoundation.org epi mete Venture Miami ak non w nan sijè a.

- Yon bòdwo sèvis piblik ki genyen yon adrès Vil Miami pou chak 3 dènye ane yo (konbine 3 dokiman yo nan 1 pdf),
- Kontra lwaye (yo) pou 3 dènye ane yo (konbine 3 dokiman yo nan 1 pdf), oswa
- Tit yon pwopriyete ki te achte plis pase 3 zan de sa.

Aplikasyon ki pa gen lojeman: Si w pa gen kay kounye a oswa pandan twa dènye ane yo, tanpri bay nou lèt sipò lòt rezidan Vil Miami ki ka konfime ou se yon rezidan Vil Miami. Konsidere mande pwofesè, fanmi, zanmi, ak/oswa anplwaye abri.

Pwosesis revizyon ak rekonpans:

- Yon aplikasyon ki byen ranpli pa garanti finansman. Li sèlman garanti revizyon ak konsiderasyon.
- Tanpri sonje, bousdetid yo ap bay sou yon baz premye vini, premye sèvi. Lajan yo pa garanti jiskaske nou konfime tout bezwen ki pa satisfè yo, ak konsidere lajan ki disponib.
- Yo bay bous pou prezans nan enstitisyon edikasyon ou endike sou aplikasyon an. Paske nou baze sou bezwen pou moun ki enskri apentant nan yon lekòl espesifik, bousdetid la pap transfere nan yon lòt lekòl si w deside chanje lekòl. Si ou jwenn bousdetid la epi ou transfere lekòl, oswa si w enskri mwens pase apentant, yo pral retire bousdetid lan.
- Bousdetid yo pa renouvle otomatikman. Ou dwe re-aplike chak semès.
- Yon komite pral revize aplikasyon yo pou kalifikasyon epi pran desizyon final sou prim bousdetid yo. Nou ap fè elèv yo konnen si yo resevwa yon bous pa imel.
- Nou pral sèvi ak adrès imel ou bay nan aplikasyon w lan pou fè w konnen. Tanpri asire w ke li kòrèk.

VENTURE MIAMI



**The
Miami
Foundation**
For A Greater Miami

FIU | FLORIDA
INTERNATIONAL
UNIVERSITY



**FLORIDA
MEMORIAL
UNIVERSITY**



**Miami Dade
College**



**UNIVERSITY
OF MIAMI**

Pou kesyon konsènan Bousdetid Venture Miami, tanpri kontakte The Miami Foundation nan scholarships@miamifoundation.org epi mete Venture Miami ak non w nan sijè a.

Bousdetid Venture Miami | Aplikasyon

Dat limit Aplikasyon pou Semès Prentan 2023: Lendi 9 janvyè a 5 p.m

Sa a se yon modèl aplikasyon an ki montre enfòmasyon w ap bezwen pou soumèt sou entènèt. Nou pap aksepte aplikasyon ki voye pa lapòs, imèl oswa faks. Sèvi ak sa a kòm yon fèy travay pou rasanble enfòmasyon w ap bezwen lè wap aplike sou Entènèt. Pou soumèt aplikasyon w lan, ale nan <https://www.grantinterface.com/sl/ylwllx>.

Non Elèv/Aplikan:

Chwazi lekòl ou:

Miami-Dade College Florida International University Florida Memorial University University of Miami None/Other
--

Miami-Dade College	Florida International Univ.	Florida Memorial Univ.	University of Miami
<i>Chwazi pwogram diplòm bakaloreya</i>	<i>Chwazi pwogram diplòm bakaloreya</i>	<i>Chwazi pwogram diplòm bakaloreya</i>	<i>Chwazi pwogram diplòm bakaloreya</i>
Animation & Game Art (Associate) Biomedical Engineering Technology (Associate) Biotechnology – Bioinformatics (Associate) Biotechnology – Chemical Technology (Associate) Biotechnology (Associate) Business Intelligence Specialist (Associate) Civil Engineering Technology (Associate) Computer Crime Investigation (Associate) Computer Engineering Technology (Associate) Computer Information Systems (Associate) Computer Science (Associate) Computer Information Technology (Associate) Computer Programming and Analysis – Business Applications Programming (Associate)	Biological Sciences Biomedical Engineering Business Analytics Civil Engineering Computer Engineering Computer Science Electrical Engineering Environmental Engineering Information Technology Internet of Things Management Information Systems Mathematics Mechanical Engineering Nursing Physics Statistics	Aeronautical Science - Air Traffic Control Aeronautical Science - Flight Education Aviation Management Biology Biology - Radiobiology Biology/Nursing Chemistry - BA Chemistry - Radiochemistry Computer Science Cybersecurity Engineering/Physics Environmental Science FMC/FIU Joint Engineering Program Healthcare Information Systems Mathematics	Aerospace Engineering Architectural Engineering Biochemistry Biology Biomedical Engineering Chemistry Civil Engineering Computer Engineering Computer Science Electrical Engineering Engineering Science Environmental Engineering Geological Sciences Industrial Engineering Innovation, Technology and Design Marine Affairs Marine Biology and Ecology Marine Science Mathematics Mechanical Engineering Meteorology Microbiology

Pou kesyon konsènan Bousdetid Venture Miami, tanpri kontakte The Miami Foundation nan scholarships@miamifoundation.org epi mete Venture Miami ak non w nan sijè a.

<p>Computer Programming and Analysis – Internet of Things (IoT) Applications (Associate)</p> <p>Computer Programming and Analysis – Mobile Applications Development (Associate)</p> <p>Cybersecurity (Associate)</p> <p>Database Technology – Oracle Database Administration (Associate)</p> <p>Electronics Engineering Technology (Associate)</p> <p>Engineering – Architectural (Associate)</p> <p>Engineering – Chemical (Associate)</p> <p>Engineering – Civil (Associate)</p> <p>Engineering – Computer (Associate)</p> <p>Engineering – Geomatics [Surveying and Mapping] (Associate)</p> <p>Engineering – Electrical (Associate)</p> <p>Engineering – Industrial (Associate)</p> <p>Engineering – Mechanical (Associate)</p> <p>Engineering – Ocean (Associate)</p> <p>Engineering – Science (Associate)</p> <p>Game Development & Design (Associate)</p> <p>Graphic Design Technology (Associate)</p> <p>Graphic Internet Technology (Associate)</p> <p>Network Services Technology – Network Infrastructure (Associate)</p> <p>Networking Services Technology – Enterprise Cloud Computing (Associate)</p> <p>Networking Services Technology – Network Security (Associate)</p> <p>Nursing – R.N. [Accelerated] (Associate)</p> <p>Nursing – R.N. [Generic Full-Time] (Associate)</p> <p>Nursing – R.N. [Transitional Full-Time] (Associate)</p> <p>Biological Sciences (Bachelor)</p> <p>Cybersecurity (Bachelor)</p> <p>Data Analytics (Bachelor)</p> <p>Electrical and Computer Engineering Technology (Bachelor)</p> <p>Information Systems Technology (Bachelor)</p> <p>Nursing (Bachelor)</p>			<p>Neuroscience</p> <p>Nursing</p> <p>Oceanography</p> <p>Physics</p>
--	--	--	---

Akseptasyon/Deklarasyon Pwogram ou:

Èske yo aksepte w oswa ou anrejistre pou pwogram ou chwazi anwo a?

MDC Sèlman: Otorizasyon pou bay Dosye Edikasyon ou

Tanpri telechaje, mete dat epi siyen [Otorizasyon pou Divilgasyon Dosye Edikasyonèl yo](#). Yon fwa ou fin siyen, tanpri telechaje PDF la.

Pou kesyon konsènan Bousdetid Venture Miami, tanpri kontakte The Miami Foundation nan scholarships@miamifoundation.org epi mete Venture Miami ak non w nan sijè a.

MDC Sèlman: Telechaje foto ID

Dapre kondisyon FERPA Miami-Dade College, tanpri telechaje yon fotob idantite.

Enfomasyon pèsònèl:

Nimewo ID Inivèsite/Kolèj:		
Siyati:	Non:	
Dat nesans:	Ras & Etnisite:	Sèks:
Estati kapasite:		
Adrès:		
Nimewo telefòn:	Imèl: <i>(Pou tout notifikasyon. Asire w ke li kòrèk)</i>	
Lekòl segondè:	Adrès imel Inivèsite/Kolèj <i>(si sa aplikab)</i> :	

Kesyon Adisyonèl:

Lèt Opòtinite pou Bousdetid

Revize opòtinite bous yo anba a. Kenbe nan tèt ou sa a se yon dènye-dola bousdetid. Nou mande w pou w pwofite tout lòt èd ki disponib pou ou anvan w soumèt aplikasyon sa a. Si ou kalifye, konsidere aplike pou bous detid ki anba yo si ou poko fè sa.

Klike sou lekòl ou pou jwenn lòt opòtinite bousdetid.

[Miami Dade College](#)

[Florida International University](#)

[Florida Memorial University](#)

[University of Miami](#)

Kesyon sou eksperyans ou nan kolèj

- Ki jan ou ale lekòl?
 - o Kondwi, Woulib, Mache, Bisiklèt, Scooter, Otobis, Metrorail, TriRail, Brightline
 - Do you have a computer that you will use while enrolled at this university? Yes/No
 - Èske w gen yon òdinatè w ap itilize pandan ou enskri nan inivèsite sa a? Wi/Non
 - Èske òdinatè w lan gen plis pase 5 an? Wi Non
 - Pa enkli "work study", èske w ap travay, oswa ou gen entansyon travay pandan w enskri nan inivèsite sa a?
 - o Non
 - o Wi, 1-10 èdtan pa semèn
 - o Wi, 11-20 èdtan pa semèn
 - o Wi, 21-30 èdtan pa semèn
 - o Wi, 31-40 èdtan pa semèn
 - Si w gen entansyon travay pandan w lekòl, nan ki endistri? Si w pa planifye pou w travay, tanpri tape n/a
 - Èske w yo te aksepte nan lòt inivèsite andeyò Miami-Dade County? Si se konsa, ban nou non inivèsite yo.
 - Si okenn lòt inivèsite pa t aksepte w andeyò Miami-Dade County, tanpri tape n/a.
 - Poukisa ou te chwazi pa ale nan yon lekòl andeyò Miami-Dade County? Si okenn lòt inivèsite pa t aksepte w andeyò Miami-Dade County, tanpri tape n/a.
-
- Where do you potentially want to start your career? Please select 3 options.
 - Ki kote ou potansyèlman vle kòmanse karyè ou? Tanpri chwazi 3 opsyon

Pou kesyon konsènan Bousdetid Venture Miami, tanpri kontakte The Miami Foundation nan scholarships@miamifoundation.org epi mete Venture Miami ak non w nan sijè a.

- o Konpayi Teknoloji ki fenk komanse
- o Konpayi Teknoloji ki pi byen etabli
- o Konpayi Teknoloji Piblik
- o Enstitisyon finansye
- o Gouvènman
- o Òganizasyon San bi likratif
- o Lòt
- Si ou chwazi "lòt", lis sektè karyè ou pi pito isit la. Si ou pa t chwazi "lòt", ou ka sote kesyon sa a.

Ki jan ou te tande pale de nou?

- Ki kote ou te tande pale de Bousdetid Venture Miami?
 - o Medya Sosyal, Imèl, Evènman, nan Nouvèl, Lòt
- Ki moun ki pale w de Bousdetid Venture Miami?
 - o Venture Miami, City of Miami, Miami Foundation, FIU, MDC, UM, FMU, Other

Dokiman Aplikasyon:

Revize ak anpil atansyon direktiv aplikasyon yo pou jwenn detay sou chak atachman. **Pou chak pati, ou ka sèlman telechaje yon dokiman.** Pou dokiman ki gen plizyè paj, ou dwe konbine yo nan yon sèl dokiman anvan yo ka telechaje yo.

1. **Dokiman yo voye bay inivèsite/kolèj ou a:** Lè w tcheke chak kare, w ap dakò ak deklarasyon ki koresponn lan:
 - o Mwen voye Rapò Èd Elèv (SAR) mwen an bay lekòl mwen an.
 - o UM sèlman: Mwen konplete pwofil CSS mwen an
 - o UM sèlman: Mwen soumèt tout dokiman taks enpòtan ki nesèsè pou yo konsidere m pou èd finansye
2. **Rapò Èd Elèv FAFSA (SAR):** Telechaje tout paj yo kòm yon sèl dokiman PDF (Limit Fichye a: 5 MB)
3. **Prèv rezidans:** Telechaje youn nan dokiman sa yo pou montre prèv rezidans. (Limit fichye a: 5 MB)
 - o Yon bòdwo sèvis piblik ki genyen yon adrès Vil Miami pou chak 3 dènye ane yo (konbine 3 dokiman yo nan 1 pdf),
 - o Kontra lwaye (yo) pou 3 dènye ane yo (konbine 3 dokiman yo nan 1 pdf), oswa
 - o Tit yon pwopriyete ki te achte plis pase 3 zan de sa.

Aplikan ki pa gen lojman: Si w pa gen kay kounye a oswa pandan twa dènye ane yo, tanpri bay nou lèt sipò lòt rezidan Vil Miami ki ka konfime ou se yon rezidan Vil Miami. Konsidere mande pwofesè, fanmi, zanmi, ak/oswa anplwaye abri.

Sètifikasyon: Lè w soumèt aplikasyon an sou entènèt, ou verifye:

Kòm yon benefisyè bousdetid, mwen bay Venture Miami ak The Miami Foundation pèmisyon pou itilize foto, sitasyon pèsònèl ak enfòmasyon kontak mwen. Mwen sètifye ke tout deklarasyon mwen te fè la a se verite ak kòrèk. Mwen konprann si mwen soumèt yon aplikasyon ki enkonplè, si mwen pa reponn tout kesyon ki obligatwa sou aplikasyon an, oswa si mwen pa soumèt tout dokiman ki nesèsè yo, yo pral konsidere aplikasyon mwen an enkonplè epi yo p ap konsidere pou bous sa a. Mwen konprann tou ke yon Bousdetid Venture Miami si yo akòde baze sou enskripsyon aplentan epi li PA transfere nan yon lòt enstitisyon apre yo fin bay yon bousdetid. Si mwen pa ale nan kolèj/inivèsite ki endike nan aplikasyon sa a, oswa si mwen enskri mwens pase aplentan, y ap retire bous la.

- mwen dakò
- mwen pa dakò

Otorizasyon pou Divilge Dosye Edikasyon

Pou kesyon konsènan Bousdetid Venture Miami, tanpri kontakte The Miami Foundation nan scholarships@miamifoundation.org epi mete Venture Miami ak non w nan sijè a.

Lè w tape non w pi ba a, ou bay konsantman pou The Miami Foundation (40 NW 3rd Street, Suite 305 Miami, FL 33128) gen AKSÈ LIMITE a Dosye Edikasyonèl ou, ki gen ladan relve nòt lekòl segondè w yo bay Miami Foundation. Aksè limite pa bay otorite pou fè chanjman nan dosye edikasyon elèv la.

Dat efektif: Otorizasyon sa a anvigè nan dat yo soumèt aplikasyon sa a epi li ekspire nan dat 12 oktòb 2024.

Objektif: Objektif Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon an se pou verifye enfòmasyon ou te bay sou aplikasyon sa a ki gen ladann men pa limite a pwogram degre ki nan lis la ak kantite total bezwen ki pa satisfè jan sibvansyon ak bous detid yo pa kouvri. Yo mande pou yo pibliye relve nòt lekòl segondè yo tou.

Mwen konprann ke kèk nan dosye mwen yo ka pwoteje dapre Family Educational Rights and Privacy Act of 1974 epi yo pa ka pibliye san konsantman alekri mwen. Mwen otorize tou divilgasyon dosye medikal mwen yo ki ka klase kòm enfòmasyon sante pwoteje epi ki kouvri pa lwa leta ak federal, ki gen ladan HIPAA. Mwen anile tout dispozisyon lalwa ak privilèj ki gen rapò ak dosye ki dekri nan divilgasyon sa a. Mwen sètifye ke yo te bay konsantman sa a lib e volontèman. Mwen ka anile konsantman sa a nenpòt ki lè lè m bay

- Mwen dakò pataje Dosye Edikasyonèl mwen yo jan yo endike anwo a ak Fondasyon Miami an.
- MWEN PA dakò pataje Dosye Edikasyonèl mwen yo jan yo site pi wo a ak Fondasyon Miami.

Tape non w pou w siyen _____

Dat Jodi a _____

Bousdetid Venture Miami | Kesyon sou Aplikasyon an

Ki sa bousdetid "dènye dola" vle di?

Bous detid dènye dola fèt pou kouvri rès frè ekolaj* apre w fin aplike tout bousdetid, sibvansyon, ak èd enstitisyonèl. Dènye dola bousdetid yo kouvri rès "bezwen ki pa satisfè" yo.

*Si w nan University of Miami, bousdetid yo pral baze sou prezans ou, pa sou frè ekolaj.

Èske mwen oblije aplike pou FAFSA pou m ka kalifye pou bous sa a?

Wi. Bousdetid Venture Miami se yon dènye dola, bousdetid ki baze sou bezwen. Sa vle di ou fin itilize tout lòt bousdetid ak sibvansyon ki disponib pou ou, sitou èd federal. Anplis de sa, n ap itilize kalifikasyon Pell Grant kòm yon mezi pou detèmine bezwen w.

Èske mwen toujou kalifye si mwen pa yon benefisyè Pell Grant?

Aplikasyon FAFSA ak kalifikasyon pou Pell Grant se yon kondisyon pou tout aplikan eksepte elèv ki nan Miami-Dade College. Elèv Miami-Dade College ki gen yon revni kay ki mwens pase 80% AMI pou Vil Miami kalifye pou Bousdetid Venture Miami. * Pou tcheke kalifikasyon w, tanpri tcheke Limit Revni Lojman w sou sitwèb Vil Miami.

Poukisa mwen bezwen telechaje FAFSA mwen an?

Komite k ap revize aplikasyon w lan pral sèvi ak FAFSA w la pou verifye enfòmasyon ou bay sou aplikasyon w lan. Anplis de sa, paske ranpli FAFSA a se yon kondisyon pou aplikasyon sa a, nou mande yon kopi pou asire ke ou ranpli'l.

Èske mwen oblije rete tann jiskaske mwen resevwa Lèt Èd Finansye mwen nan men inivèsite mwen an anvan mwen aplike pou bous sa a?

Wi. Sepandan, ou ka kòmanse pwosesis aplikasyon an pandan w ap tann lèt èd finansye w la. W ap bezwen enfòmasyon ki nan Lèt la pou w konplete Kalkilatè Bezwen ki pa Satisfè a. Nou sijere pou mande Biwo Èd Finansye lekòl ou a pou yon lèt estimasyon si ou poko resevwa lèt èd finansye ou.

Avèk Ki moun mwen ka pale nan lekòl mwen si mwen gen kesyon sou Èd Finansye ak si mwen kalifye pou bous sa a?

Miami-Dade College

Antonio Delgado - adelgad9@mdc.edu
VP Inovasyon ak Patenarya Teknoloji

Florida International University (FIU)

Laura Castillo - lccasti@fiu.edu
Direktè, Planifikasyon Enskripsyon ak Operasyon Bousdetid

Florida Memorial University

Kimberly Jones - kimberly.jones@fmuniv.edu
Direktè Èd Finansye

University of Miami (UM)

Daniel T. Barkowitz - dbarkowitz@miami.edu
Asistan Vis Prezidan, Biwo Asistans Finansye Elèv ak Travay pou Elèv

Poukisa mwen oblije aplike chak semès?

Bousdetid Venture Miami se yon bousdetid ki baze sou bezwen. Chak semès, nou pral re-evalye bezwen ou pou wè si ou toujou kalifye epi kantite lajan ki nesèsè pou satisfè bezwen ou.

Ki kote mwen ka fè pou jwenn plis enfòmasyon sou lòt bousdetid ak opòtinite èd finansye ki disponib pou mwen?

[Paj Bousdetid Fondasyon Miami](#) an se yon bon resous pou aprann sou lòt opòtinite bousdetid. Anplis de sa, chak lekòl gen yon paj bousdetid ki dedye pou ede w jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite yo ofri.

[Miami-Dade College](#)

[Florida International University](#)

[Florida Memorial University](#)

[University of Miami](#)

Pou kesyon konsènan Bousdetid Venture Miami, tanpri kontakte The Miami Foundation nan scholarships@miamifoundation.org epi mete Venture Miami ak non w nan sijè a.